



Sa se yon Ajou nan Manyèl la

YO TE CHANJE MANYÈL MANM OU AN

Transpò medikal ki pa Ijans

Planifikasyon Transpò Medikal ki pa Ijan

Apati 1ye mas 2024, VNS Health MLTC p ap kouvri transpò ki pa ijans kòm yon pati nan Avantaj Plan ou yo ankò. Sèvis transpò medikal ki pa ijan pou manm ki enskri nan VNS Health MLTC yon Partial Capitation Plan, pral kounye a òganize pa Koutye Transpò Pou tout Eta a Depatman Sante Eta New York la, ke yo rekonèt sou non Medical Answering Services (MAS). Sa pa pral chanje okenn nan lòt avantaj medikal ou yo.

Pou fè aranjman pou transpò medikal ki pa ijans nan dat 1ye mas 2024, oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w la dwe kontakte MAS nan <https://www.medanswering.com/> oswa rele 844-666-6270 (Downstate) oswa 866-932-7740 (Upstate), 24 èdtan pa jou, 7 jou nan yon semèn. Si sa posib, oumenm oswa pwofesyonèl swen sante ou lan ta dwe kontakte MAS omwen twa jou anvan randevou medikal lan epi bay detay randevou ou a (dat, lè, adrès, ak non pwofesyonèl swen sante a) ak nimewo idantifikasyon Medicaid ou.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, vizite Pajwèb Transpò Depatman Sante: https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/members/medtrans_overview.htm.

1-866-867-6555 (TTY: 711)
Lendi – Vandredi, 9 am – 5 pm